



# DWA OU ANBA LWA ANPLWAYE TANPORE MASSACHUSETTS DWA POU KONNEN

## AJANS REKRITMAN OBLIJE FOUNI OU AK ENFÒMASYON DE BAZ TRAVAY OU AN.

Lalwa egzije ajans rekritman founi ou yon avi a lekri ak enfòmasyon de baz konsènan nenpòt ki travay ke yo pral voye ou ladan I. Sa a rele yon lòd travay. Ou gen dwa di ajans rekritman lan kijan ou vle ke yo ba ou lòd travay lan, pa egzanp pa imèl, lapòs, oubyen si ou vle al chèche I an pèsòn. Ajans rekritman yo **OBLIJE** ba ou omwen enfòmasyon ki annapre yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn: (i) ajans rekritman k ap voye anplwaye a; (ii) òganizasyon ki bay konpansasyon pou travayè; (iii) anplwayè lye travay la; ak (iv) depatman an (DLS).
- Deskripsyon djòb ak si pozisyon an ap bezwen pou anplwaye yo mete rad, ekipman, fòmasyon oswa lisans espesyal;
- You yo touche, kantite lajan salè pa èdtan ak si yo gendwa peye pou ovètaym;
- Dat kòmansman travay la, lè yo kòmanse travay toulejou ak akilè travay la ta dwe fini, epi si yo gen enfòmasyon an, pandan konbyen tan yo pral anplwaye ou;
- Si ajans ki voye anplwaye a oswa anplwayèlye travay la pral ba ou transpò oswa manje;
- Kèlkeswa chaj anplwaye oswa travayè a ap dwe peye;
- Si enstalasyon kote lye travay la ye ap fè grèv oswa nan lockout; epi
- Yon deklarasyon an plizyè lang kòmkswa lòd travay la gen ladann enfòmasyon enpòtan konsènan travay la, anplwa an, angajman an, travay yo ba ou fè oswa djòb la.

Ajans rekritman an ka ba ou enfòmasyon travay pa telefòn, men li **OBLIJE** voye ba yo enfòmasyon a lekri **AVAN** fen premye peyòd peyman an.

Si aktivite travay ou ta chanje, ajans rekritman an **OBLIJE** di ou chanjman sa yo le pli tò ke posib deske li konn sa.

Si ajans rekritman lan pa ba ou yon lòd travay epi ou ta renmen pote plent kont ajans rekritman lan, tanpri rele Depatman Estanda Travay nan (617) 626-6969. Ajans rekritman lan pa ka revoke ou oubyen ba ou yon travay ki pi mal paske ou pote plent.

Si yap mete yon nan yon pozisyon pwofesyonèl oubyen kòm yon sekretè oubyen asistan administratif, ajans rekritman an PA oblige ba ou yon lòd travay.

## AJANS REKRITMAN YO AK PATWON KONPANYI YO PA KA CHAJE OU POU:

- Anrejistre opre ajans rekritman lan;
- Ba ou travay;
- Tès pou detekte dwòg, kat labank, kat debi, koupon oswa virman labank (money orders);
- Fè yon ankèt enfòmasyon dosye kriminèl Massachusetts (CORI);
- Sèvis transpò, si li nesesè pou ou itilize sèvis la; si itilizasyon sèvis transpò a pa obligatwa, chaj la pa gen dwa depase 3% nan salè toulejou oswa nan pri reyèl la, sa ki pi ba nan 2 sa yo;
- Nenpòt ki atik oswa sèvis, enkli transpò, ki ka koze ou pou fè mwens ke salè minimòm Massachusetts;
- Yon ajans rekritman oubyen yon konpanyi pa ka oblige ou achte yon bagay nan men yo sòfsi ou ta vle achte li.
- Lwa Massachusetts sou Salè, ki diferan de Dwa Travayè Tanporè pou Konnen Lalwa, entèdi anajeneral kèlkeswa antant kote yon anplwaye vin responsab pou peye depans ak chaj operasyonèl nòmal yon anplwayè genyen pou peye pou fè biznis li mache. Kifè, yo pa otorize fè okenn dediksyon nan salè eksepte si se prensipalman nan enterè anplwaye a yo fè I (tankou depans la gen yon gwo valè pou anplwaye a epi li ta kapab sèvi avèk li volontèman, menmsi se pou bagay ki pa gen pou wè ak djòb li fè a).

## AJANS REKRITMAN YO OBLIJE RANBOUSE OU YON CHAJ REZONAB POU TRANSPÒ SI YO VOYE OU NAN YON TRAVAY KI PA EGZISTE.

Sa a pa enkli frè transpò pou ale nan yon konpanyi pou yon entèvyou travay.

## AJANS REKRITMAN AN PA KA:

- Konsyamman ba ou fo oswa move enfòmasyon oswa manti;
- Fòse ou ale nan yon travay ke ou pa vle ale ladan li;
- Kenbe zafè ou epi refize remèt ou li;
- Kenbe chaj ilegal ke yo chaje ou;
- Revoke ou oubyen ba ou yon travay ki pi mal paske ou te egzèse dwa ou daprè lwa sa;
- Voye ou nan yon travay pou fè yon djòb ki ilegal;
- Voye yon timoun minè nan yon travay lè timoun minè sa fèt pou li lekòl;
- Voye ou nan yon travay kote li obligatwa pou gen yon lisans espesyal epi ou pa gen lisans sa;

Pou plis enfòmasyon konsènan Dwa Travayè Tanporè Dwa pou Konnen Lalwa oubyen pou pote plent, rele Depatman Estanda Travay nan (617) 626-6969, oubyen ale nan [mass.gov/dols/epsap](http://mass.gov/dols/epsap). Lwa sa jere pa Depatman Estandan Travay (DLS) epi li aplike pa Biwo Divizyon Travay Jis Biwo Komisè Jeneral lan. Lwa a aplike a "ajans rekritman" (pa egzanmp ajans tanpòre) jan lalwa defini li.

AVI NAN LYE TRAVAY LAN: Avi lye travay sa ranpli kondisyon pwovizyon Chapit 148, Seksyon 159C Lwa Jeneral Massachusetts, ki oblige ke ajans rekritman yo afiche li yon kote ke moun ka p aplike yo ak travayè endepandan yo ka wè li fasilman.